

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Salah sahiji cara ngariksa budaya téh nya éta ku ngulik tur medar karya sastra, kaasup karya sastra buhun nu mangrupa wawacan. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar ajén-ajén kaagamaan anu aya dina naskah *Wawacan Suluk Panji* nu saacanna ditransliterasi heula. Transliterasi mangrupa kagiatan ngaganti aksara ku aksara séjén tanpa ngarobah basa jeung hartina. Kagiatan transliterasi mikabutuh puseur panitén anu gemet kalawan taliti, sangkan eusi tina naskahna teu robah. Métonde nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métonde déskriptif analitik. Métonde ieu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, nu satuluyna dianalisis. Analisis mangrupa prosés ngalarapkeun élmu atawa kaweruh anu geus dicangking kana hal anu jadi obyék analisis. Sanggeus dianalisis, ajén-ajén kaagamaan anu nyangkaruk dina naskah *Wawacan Suluk Panji* katitén mangrupa ajén anu tetep luyu jeung kahirupan.

Naskah *Wawacan Suluk Panji* mangrupa hasil kabudayaan masarakat Sunda dina wangun tulisan anu ngagambarkeun palasipah hirup, sarta euyeub ku ajén-ajén kaagamaan. Amanat ti pangarang ditepikeun dina eusi naskah anu diwincik dina wangun guneman antar pamaénna salaku tokoh carita.

Dumasar hasil transliterasi jeung analisis, ajén kaagamaan anu kapanggih dina *Wawacan Suluk Panji* ngawengku kana *akidah*, *akhlak*, jeung *syari'ah/fiqih*. Ajén kaagamaan nu kaasup kana *akidah*, nya éta kautamaan maca basmallah, taat kana rukun iman, saréat, tarékat, hakékat, jeung maripat, rukun Islam, nyembah ka Alloh, Al-Quran salaku sumber hukum, papastén poé ahir, Alloh maha nyiptakeun, sakabéh jalma bakal maot, taohid, ulah ninggalkeun solat, Alloh Nu Mahakawasa, sarta *kun fayakun*. Sedengkeun nu kaasup kana *akhlak*, nya éta adil, sadrah diri, silih asih ka sasama, jeung nyingkahan sipat takabur.

Salian ti *akidah* jeung *akhlak*, aya ogé ajén kaagamaan nu kaasup kana *syari'ah/fiqih*, nya éta perkara wudu, jeung perkara kiblat.

5.2 Rékomendasi

Wawacan téh mangrupa karya sastra buhun nu biasana ditulis dina naskah (*handschrift*). Sanajan mangrupa karya sastra buhun, tapi di jerona euyeub ku bahan lenyepaneun pikeun kahirupan sapopoé. Ku kituna kudu aya tarékah pikeun ngaguar deui eusi nu aya dina naskah-naskah buhun. Lian ti éta, panalungtik ogé boga saran pikeun pihak-pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) pikeun panalungtik: dipiharep tumuwuhna kasadaran pikeun ngaraksa-ngariksa tur mikacinta warisan kolot baheula, salah sahijina dina wangun wawacan anu luhung ku ajén-ajén kahirupan;
- 2) pikeun sakumna pihak utamana anu tumali jeung lembaga/atikan: dipiharep bisa ngarojong hasanah budaya Sunda anu mangrupa naskah ku cara ngaruwat sarta ngawanohkeun deui kabeungharan budaya Sunda dina wangun tulisan (wawacan) di jenjang atikan ti mimiti tingkat sakola dasar nepi ka tingkat paguron luhur;
- 3) dina ieu panalungtikan ajén-ajén ajaran Islam sarta élmu pangaweruh séjénna bisa ditalungtik deui ka hareupna, ku kituna panyusun miharep ieu hasil panalungtikan réa mangpaatna, sarta ka hareupna aya panalungtik anu leuwih gemet tibatan ieu panalungtikan.